

Dwa Paran ak Garanti Pwosed yo

Si ou pa dakò avèk detèminasyon kapasite ou pou peye oswa avèk patisipasyon paran w nan frè a, ou gen tout dwa ki dekri nan bwochi sou Dwa Paran yo nan ka Entèvansyon Prekòs.

Sa enkli dwa pou depoze yon plent alekri bay Depatman Timoun ak Jèn nan Ohio oswa pou itilize yon medyatè oswa ofisye odyans pou rezoud pwoblèm nan.

Ou kapab fè yon demann revizyon enfòmèl epi mande Kòdonatè Sèvis EI w la èd oswa lè w soumèt yon demand alekri pou revizyon nan 30 jou apati lè ou te resevwa notifikasyon kapaiste w pou peye oswa pri patisipasyon paran pou:

Entèvansyon Prekòs nan Ohio,
Ohio Depatman Timoun ak Jèn
P.O. Box 183204
Columbus, Ohio 43218

Enkli yon deklarasyon rezon ki fè w kwè detèminasyon kapasite w pou peye oswa patisipasyon w nan frè a pa bon ak sa ou sijere kòm yon solisyon. Depatman ap fè sòti yon desizyon alekri pou ou nan 20 jou apre resepsyon demann revizyon an.



Department of
Children & Youth

Help Me Grow Early Intervention

SISTÈM PÈMAN YO



Lalwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo, oubyen IDEA, egzije kèk aktivite ak sèvis Entèvansyon Prekòs (EI) yo bay gratis pou paran yo. Rechèch, evalyasyon ak egzamen pitit ou a, elaborasyon Plan Sèvis pou Fanmi Endividyalize (IFSP), garanti pwosed yo, ak sèvis kòdinasyon an finanse piblikman e yo bay yo gratis pou paran.

Bezwen pou sèvis EI adisyonèl yo¹ ap detèmine atravè pwosesis ekip IFSP a. Jiska 100 inite² nan sèvis EI adisyonèl yo bay chak ane IFSP³ gratis pou paran chak timoun ki kalifye yo. Sèvis sa yo finanse atravè yon melanj fon piblik lokal, eta ak federal, ki gen ladan yo asirans paran ak timoun, ki bay paran konsantman.

Anvan premye reyinyon IFSP a, yon Kòdonatè Sèvis EI a ap esplike règ Sistèm Pèman Ohio a (ohioearlyintervention.org/federal-and-state-regulations) epi, avèk ou, detèmine si w ap gen responsablite finansye pou sèvis EI nesèsè yo ki depase 100 inite ki finanse piblikman nan ane IFSP a.

Ou p ap gen okenn responsablite finansye pou Sèvis EI yo

- Si ou menm oswa timoun ou an enskri nan WIC oswa Ohio Medicaid,
- si revni fanmi w mwens pase oswa egal ak kalifikasyon [Ohio Healthy Start](#)⁴ pou timoun ki asire yo,
- oswa si fanmi w rankontre gwo depans medikal pandan ane IFSP a.

Kòdonatè Sèvis EI w la ap esplike kategori sa yo. Si ou pa reponn ak kalifikasyon finansye sa yo oswa ou chwazi pa pataje enfòmasyon finansye sa yo, w ap peye sèlman pou sèvis anplis ki depase 100 inite nan ane IFSP a. Kòdonatè Sèvis EI w la ap enfòmè w sou fason finansman EI a fonksyone ak chwa ou genyen jan IFSP a devlope a.

Tankou pati ekip IFSP pitit ou a, w ap ede detèmine ki sèvis ak ki kantite sèvis ki nesèsè pou reponn ak rezilta IFSP yo. Kòdonatè Sèvis EI w la ap fonksyone avè w pou kowòdone sèvis nesèsè yo ak finansman jan IFSP w la devlope oswa chanje.

1 Sèvis entèvansyon prekòs adisyonèl yo gen ladan yo: odyoloji, aparèy ak sèvis teknolojik asistans, enstriksyon espesyal, ègoterapi, fizyoterapi, òtofonik ak lòt yo jan sa nesèsè pou reponn ak rezilta IFSP yo.

2 Yon inite egal ak inèdtan sèvis oswa \$100 nan depans pou yon aparèy teknolojik asistans. Tan pasyèl oswa dola kapab itilize pou egal ak yon inite, jan ekip IFSP a detèmine sa a.

3 IFSP siyifi ane a kòmanse nan dat inisyal la oswa IFSP anyèl ki siyen an, epi fini jou avan siyati pwochen IFSP anyèl la.

4 Plis enfòmasyon sou Ohio Healthy Start la disponib nan: <https://ohioearlyintervention.org/system-of-payments>



Mike DeWine, Gouvènè
Eta Ohio

Kara B. Wentz, Direktè
Department of Children and Youth
(Rev. 07/2024)

Enstitisyon sa se yon founisè ak anplwaye egalite chans.

PEYE POU SÈVIS ENTÈVANSYON PREKÒS

Kòdonatè Sèvis Entèvansyon Prekòs (EI) la pral esplike règleman Sistèm Pèman Ohio a (ohioearlyintervention.org/federal-and-state-regulations) epi ap ba ou yon kopi pandan demand ou an. Règ la dekri chwa w yo pou peye sèvis EI yo ak konsantman paran ki obligatwa anvan yo takse sèvis yo.

Kòdonatè Sèvis EI w la ap revize ki sèvis ki disponib pou timoun ou an gratis, epi ki sèvis ki ka koute w yon frè. Kòdonatè Sèvis EI a pral esplike ke konsantman w nesèsè anvan asirans prive oswa piblik ou kapab takse pou peye sèvis EI yo ak dwa w genyen ak elijibilite pou fè apèl ak detèminasyon pèman yo.

Itilize Asirans Prive

Souvan ofri atravè anplwayè yo, sendika oswa lòt gwoup, asirans prive se nenpòt asirans ki pa fè pati pwogram eta oswa federal tankou Medicaid oubyen Medicare.

Ou dwe bay konsantman w anvan yo kapab itilize asirans prive w la pou peye sèvis EI yo. Kòdonatè Sèvis EI w la ap esplike depans posib lè w itilize asirans prive pou peye sèvis EI yo, enkli depans alontèm posib oswa yon pèt avantaj si ou depase plafon kouvèti asirans anyèl yo.

Si ou bay konsantman w, w ap kontinye peye prim asirans pa w yo men p ap bezwen peye kopèman w yo oswa rediksyon pou premye 100 inite sèvis EI yo.

Si ou genyen asirans prive epi yo detèmine ou pa gen okenn responsablite finansye pou sèvis EI yo, ou p ap gen pou peye okenn kopèman oswa rediksyon.

Kòdonatè Sèvis EI w la pral mande w konsantman w ankò nenpòt lè genyen yon ogmantasyon nan montan, dire, oswa etandi Sèvis EI yo nan IFSP w la.

Itilize Asirans Piblik

Medicaid se yon pwogram asirans piblik. Lè yon moun enskri nan Medicaid, pa gen okenn depans pou sèvis EI yo, prim, kopèman oswa rediksyon pou sèvis EI yo.

Itilize Medicaid, pa gen okenn risk pou kanpe abònman avantaj regilye Medicaid yo oswa sèvis renonsyasyon, ni risk pou diminye kouvèti lavi oswa nenpòt lòt avantaj ki asire.

Kòdonatè Sèvis EI w la ap mande w konsantman w pou pataje non ak nimewo Medicaid timoun ou an ak Ohio Department of Medicaid nan objektif faktirasyon. Si ou bay konsantman w, ou kapab retire konsantman w.

Asirans Piblik ak Prive

Si ou gen alafwa asirans piblik ak prive, ou p ap gen okenn responsablite finansye pou sèvis EI yo.

Kòdonatè Sèvis EI w la dwe mande w konsantman w anvan aksede ak asirans piblik oswa prive w la lè l ap takse w pou sèvis EI yo.

Pwoteksyon pou Ou

Sèvis EI yo pa dwe retade oswa rejte pou yon timoun ki kalifye akòz mank:

- konsantman paran pou itilize asirans prive timoun nan oswa paran pou peye sèvis EI yo;
- abònman timoun oswa paran nan pwogram asirans piblik la; oswa
- konsantman paran pou pataje enfòmasyon k ap idantifye timoun nan pèsònèlman ak pwogram asirans piblik la.

Sistèm EI a pa dwe egzije yon timoun oswa paran pou enskri nan pwogram asirans piblik tankou yon kondisyon pou resevwa sèvis EI yo, men dwe pataje enfòmasyon sou abònman pwogram sa yo. Sistèm EI a pa dwe enskri yon timoun oswa paran nan pwogram asirans piblik la oswa itilize asirans piblik timoun oswa paran pou peye sèvis EI yo si timoun nan oswa paran an deja enskri nan yon pwogram asirans piblik.

Lè w ap itilize asirans piblik yon timoun oswa paran pou peye sèvis EI yo, sistèm EI a:

- dwe genyen inisyal, konsantman paran yon sèl fwa pou piblikasyon enfòmasyon ki idantifye timoun nan pèsònèlman nan pwogram asirans piblik la nan objektif faktirasyon;
- dwe mete disponib sèvis EI sa yo nan IFSP pou paran ki te bay konsantman li an.

Lè yo detèmine paran pa ka peye, yo dwe bay timoun ki kalifye yo tout sèvis EI ki idantifye kòm nesèsè nan IFSP gratis pou timoun oswa fanmi an, enkli svèis EI sa yo ki depase 100 inite nan ane IFSP a.

Paran ki kapab peye yo dwe responsab pou peye depans sèvis EI yo ki depase 100 inite, enkli kopèman asirans prive ak rediksyon yo, nesèsè pou reponn ak rezilta nan IFSP a, esepite pou depans sèvis EI yo.

Yo pa dwe fè yon paran peye plis pase pri reyèl sèvis EI yo (pandan y ap konsidere nenpòt montan yo resevwa nan lòt sous pou pèman sèvis sa yo).

Yon timoun oswa paran ak asirans prive oubyen asirans piblik pa dwe peye plis pase yon timoun oswa paran san asirans piblik oswa prive.

Sèvis EI yo pa dwe retade oswa rejte pou yon timoun ki kalifye kote yon paran pa ka peye sèvis EI yo.